



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LUMINATE NY AP AKSEPTE APLIKASYON KOUNYE A

Pi Gran Akseleratè Optik, Fotonik, Teknoloji Imajri pou Jèn Konpayi nan Mond lan Anboche yon Direktè Jeneral, epi Nonme Lidè Endistri yo pou fòmè Konsèy Konsiltatif li a

Investisman “Finger Lakes Forward” la fè vanse plan estratejik ki reyisi nan rejyon an pou devlope ekonomi an epi kreye nouvel opòtinite

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse dèlè pou soumèt aplikasyon pou Luminare NY la, ki se pi gran akseleratè biznis pou jèn konpayi nan endistri optik, fotonik, ak imajri nan mond lan, ouvri nan Rochester. Inisyativ Luminare NY la, ke High Tech Rochester ap administre, konsantre sou atire ak devlope konpayi optik ak fotonik ki pi pwometè yo nan tout eta a, nasyon an, ak toupatou nan lemond. Prim Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative) “Finger Lakes Forward” la ap founi finansman pou pwogram 10 milyon dola sa.

“Investisman estratejik New York ap fè yo te mete l nan yon pozisyon kòm yon lidè mondyal nan endistri fotonik la, epi atravè pwogram inovatè sa a, mwen atann pou n sipòte kwasans nouvo biznis atravè tout rejyon an yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè Luminare NY ankouraje inovasyon epi sipòte kwasans nouvo konpayi fotonik la yo, l ap rantablize ekonomi solid rejyon an pou l kontinye fè vanse rejyon Finger Lakes la vè lavan.”

Yo ap aksepte aplikasyon yo kounye a rive 15 Septanm sou yon baz kote pi bonè w aplike bi bonè w ap jwenn repons. Yo ankouraje ekip yo pou yo soumèt aplikasyon yo pi bonè posib pou yo ka gen meyè chans pou yo chwazi yo pou fè pati pwogram lan. Aplikasyon Luminare NY yo disponib [isit la](#).

Luminare NY ap chèche antreprenè ki enterese nan rezoud pwoblèm optik, fotonik ak imajri ki difisil yo, tankou men pa sèlman: vizyon atifisyèl, enspeksyon, biyofotonik, sekirite, siveyans, reyalite ogmante ak vityèl, ak veyikil otonòm yo. Ekip yo pral an konpetisyon pou youn nan dis plas ki disponib yo nan premye gwoup la, k ap garanti yo yon investisman minimòm 100,000 dola ak gwo investisman rive jiska 1 milyon dola.

Kandida pou Luminare NY yo dwe konstitye an sosyete, gen yon ekip a plantan epi yo dwe te pwouve teknoloji debaz yo, de preferans gras a elaborasyon yon pwototip ki mache. Lè yo fin admèt yo, konpayi yo pral resevwa asistans avèk kapital ak yon kominote resous. Chak manm pral resevwa yon premye investisman tit anpre konvètib 100,000 dola, avèk yon chans pou finansman konplemantè nan fen sis mwa pwogram fòmasyon estrik nan antreprenarya a, ki sipoze bay yon total 2 milyon dola.

Jim Senall, Prezidan High Tech Rochester te deklare, “Depi lè yo te anonse nouvo pwogram sa pa gen twò lontan de sa, nou te etone de jan endistri a te montre l’entèrese anpil. Kounye a nou gen yon konsèy konsiltatif nasyonal ki gen kalib mondyal anplas, epi nou anboche yon nouvo Direktè Jeneral pou jere pwogram lan. Kounye a nou vrèman ap atann pou nou revize aplikasyon pou pwogram lan yo epi chwazi premye kòwòt ekip yo”.

Anplis de sa, yo te anboche Doktè Sujatha Ramanujan pou l sèvi kòm Direktè Jeneral pou inisyativ Luminare NY la, apre yo te fè yon rechèch onivo nasyonal pou pòs travay sa. Antanke yon antreprenè ki investè anpil ak yon egzekutif eksperimente ki gen 25 an eksperyans nan zafè Aparèy Klinik ak nan Aparèy Elekwonik ki destine ogan Piblik yo, Doktè Ramanujan te tabli, devlope epi agrandi twa jèn konpayi biznis nan sektè ekipman aparèy chirijikal, materyèl kominikasyon optik, ak nanomateryo yo. Doktè Ramanujan se pwopriyete 28 brevè Etazini emèt ba li. Antanke yo investisè an tèm kapital pou Kodak, Doktè Ramanujan gide jèn konpayi yo, founi estrateji fizyon ak akizisyon (M&A) pou biznis yo, ak evalyasyon teknoloji pou investisè yo. Li te sèvi nan konsèy investisman Ozetazini, Kanada ak an Izrayèl.

Konsèy Konsiltif Luminare NY la gen ladan lidè nan endistri optik, fotonik ak imajri ki gen ladan yo:

- Eugene Arthurs, PDG SPIE
- Milton Chang, Dirèktè Jeneral, Incubic Management
- Stuart Elby, Vis Prezidan Prensipal, Data Center Business Group, Infinera
- Steve Fantone, Fondatè ak Prezidan, Optikos Corporation
- Mike Foley, Dirèktè Jeneral, Artemis Capital Partners, L.P.
- Don Golini, Fondatè, QED Technologies
- Jay Kumler, Prezidan, Jenoptik Optical Systems
- Michael Liehr, PDG AIM Photonics
- Duncan Moore, Vis Rektè pou Antreprenarya nan Inivèsite Rochester a (University of Rochester)
- Ryne Raffaele, Vis Prezidan pou rechèch ak Rektè Adjwen Enstiti Teknoloji Rochester a (Rochester Institute of Technology)
- Darius Sankey, Asosye Kòmandite, Sway Ventures
- Jim Senall, Prezidan, High Tech Rochester

Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Inisyativ akseleratè Luminare NY la deja ap atire lidè ak antreprenè inovatè nan sektè optik, fotonik ak imajri a yo. Lè nou ba yo sipò yo bezwen pou yo eksplwate ide inovatè yo a yo, nou ap ede rejyon Finger Lakes la vanse vè lavan”.

Koprezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la (Finger Lakes Regional Economic Development Council, FLREDC) Danny Wegman, Prezidan Wegmans Food Markets la, ak Anne Kress, Prezidan Inivèsite Kominotè Monroe a (Monroe Community College) te deklare, “Istwa antreprenarya nan Rochester pran rasin li nan istwa syans imajri a yo. Jodi a, konsèy la te idantifye sektè optik, fotonik ak imajri a kòm yon priyorite pandan n ap travay pou tabli rejyon Finger Lakes la kòm lidè mondyal nan endistri florisan pwodui ak sèvis a baz limyè yo. Li enpòtan anpil pou nou sipòte jèn konpayi ki gen potansyèl kwasans elve yo pou asire siksè plan devlopman ekonomik rejyonal ‘Finger Lakes Forward’ la”.

Senatè Joseph Robach te di, “Luminate NY se yon trè bèl opòtinite, epi avèk dèle pou soumèt aplikasyon ki ouvri kounye a la, konpayi nan rejyon nou an, ak nan tout eta nou an ak nan lemond antye, pral gen opòtinite pou yo vin antèt efò devlopman teknoloji inovatè ki gen potansyèl pou revolisyone jan nou viv vi nou. Rezilta pwogram sa a pral kreye opòtinite ak devlope djòb isit la menm nan kominote nou an.”

Lidè Majorite Asanble a Joseph Morelle te di, “Mwen kontan anpil pou m wè lansman inisyativ Luminate NY la kòm sektè teknoloji avanse nan optik, fotonik ak imajri nan Rochester a kontinye agrandi ak fleri. Sa se yon pa enpòtan vè lavan nan efò n ap fè pou nou kreye inovasyon ki pi solid nan ekonomi an epi mwen atann pou m wè kwasans pwogram lan alavni”.

Egzekitif Konte Monroe a Cheryl Dinolfo te di, “Pandan n ap travay an kolaborasyon pou nou atire nouvo biznis ak anplwayè pou vin kreye djòb yo, espri inovasyon, kreyativite ak antreprenarya George Eastman lan toujou rete byen vivan. Soti nan siksè nou genyen nan atire ak kenbe biznis yo nan zòn lan rive nan anons pwogramasyon devlopman mendèv inovatè nou an, Konte Monroe a prè plis pase jamè avan pou l sèvi kòm yon patnè pèfòmman nan kolaborasyon ak biznis k ap chache pote plis djòb nan kominote a yo”.

Majistra Lovely Warren te deklare, “Rochester se yon sant inovasyon ak antreprenarya, epi nou trè kontan anpil Luminate NY ap vin yon reyalite. Mwen vle remèsye Gouvènè a ak gouvènman eta nou an pou investisman yo kontinye ap fè ak sipò yo kontinye ba nou, sa k ap ede nou atenn objektif pou n kreye plis djòb, katye ki pi dinamik ak pi sekirize, epi meyè opòtinite edikasyonèl pou tout sitwayen nou yo”.

Luminate NY pral apiye sou Enstiti Ameriken pou Fabrikasyon Fotonik Entegre a (American Institute for Manufacturing Integrated Photonics, AIM Photonics) Depatman Defans (Department of Defense) federal la ap dirije a, ki gen kòm soutyen yon angajman 250 milyon dola nan men Eta New York epi ki pral baze nan Rochester nan izin AIM dènye kri ki nan Eastman Business Park la. Yo pral itilize etablisman an pou fè tès, asanblaj ak anbalaj pis elektwonik pou yo itilize kòm foton nan plas elektwon yo pou ogmante pèfòmans sikwi semikondiktè yo. AIM Photonics, ke Gouvènè Cuomo ak Vis-Prezidan Joe Biden te anonse pou premye fwa an Jiyè 2015, pral ede garanti pozisyon lidèchip rejyon Finger Lakes la ak nasyon an nan rechèch, devlopman, ak fabrikasyon teknoloji ki fenk ap parèt yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Luminate NY, klike [isit la](#).

Akselerasyon pwogram “Finger Lakes Forward”

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te investi deja plis pase 3.4 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418